

Revizyon enpòtan sou Òdonans pou Konvèsyon an Kondominyòm yo

Peryòd Avi pou Inite Lokasyon ki Vid

- Kounye a gen yon peryòd 12 mwa pou tann pou konvèti yon inite vid ki te sèvi anvan kòm inite lokasyon
- Peryòd sa a pou tann nan pa aplike pou pifò inite ki gen pwopriyetè yo ki abite ladan yo epi nou detèmine peryòd la sou yon baz inite-pa-inite

Peryòd Avi pou Lokatè

- Nou te ogmante peryòd avi pou lokatè yo ant de ak senk ane pou granmoun aje yo, moun andikape yo ak lokatè ki touche revni ba/revni modere (gade FAQ oswa Òdonans lan pou jwenn definisyon yo.
- Peryòd avi a ap rete menm jan, yon ane, pou tout lòt lokatè yo

Peman pou Demenajman

- Peman ki obligatwa pou demenajman an te ogmante ant \$300 oswa pri lwaye a pou yon mwa jiska \$10,000 pou granmoun aje yo, moun andikape yo ak lokatè ki touche revni ki ba/modere ak \$6,000 pou tout lòt lokatè yo-peman an se pou chak inite, men pa pou chak lokatè

Dwa pou Achte

- Minisipalite Vil la, reprezantan òganizasyon non-komèsyal la kounye a gen dwa pou achte si lokatè (yo) ki nan yon inite ki abite renonse dwa yo oswa si yon inite vid, sof si n ap vann yon inite ba fanmi pwopriyetè a
- Minisipalite Vil la reprezantan an pral kapab egzèse dwa li pandan menm peryòd tan yon lokatè genyen; pa gen tan sipleman tè ki konsène

Ou kapab jwenn. Òdonans lan ak yon FAQ la a:

<https://www.somervillema.gov/condo-conversion>

Ou mèt rele Hannah Carillo, nan nimewo 617-625-6600, estansyon 2575 oswa imèl li nan hcarrillo@somervillema.gov pou nenpòt oswa enkyetid ou genyen.

